*Биччала халкъияб бакъан*

Муг1алим: Ц1акъ лъик1 буго!
Х1ухьбахъиялъул лах1зат х1исабалдаги лъик1 х1алт1аралъухъги дица нуж рачине руго Ц1. Х1амзатил музеялде.
Гьесул буго юбилей –гьавуралдаса 140 сон т1убай, баркилищ?.
Слайд 33 –Ц1адаса Х1амзатил юбилей
Ц1алдохъаби: Ц1акъ бокьила!
Слайд -34 «Лъие бокьун бугеб Х1амзатихъе щвезе?»
Муг1алим: Нилъеца гьабизе буго х1ай: «Лъие бокьун бугеб Х1амзатихъе щвезе?»
Гьелъул.буго «Миллионерлъун вахъине лъие бокьун бугеб?» абураб х1аялъулго г1адаб къаг1ида

*Баккула х1ай, гьеб г1уц1ун буго суалал-тестаздасан:*

- Кида гьавурав Ц1. Х1амзат?
- Ц1. Х1амзатил фамилия, инсул ц1ар?
- Ц1адаса Х1амзатил т1оцебесеб асаралда ц1ар щиб?
- Ц1. Х1амзатил т1оцебесеб т1ехь къват1ибе бахъараб заман?
- Ц1.Х1амзатил кеч1 –антиреклама?
- Ц1. Х1амзатица асарал хъварал адабиталъул тайпаби?
- Х1амзатие «Халкъив поэт» абураб ц1ар кида кьураб?
- Гьодораб хабар – сипатияб калам?

- Метафора –баян кье?

Муг1алим: Х1алч1ахъадал! Бихьулеб буго нуж лъик1 х1адурун рук1ин ва нужее шаг1ир вокьулев вук1ин! Сапаралъ рахъинин!
Слайдал 42-52 халкъияб бакъан. Ц1. Х1амзатил рукъ-музей.

*Гьалбазда дандч1вай гьабула Ц1. Х1амзатица-ц1алдохъанас:*

Х1амзат: Дун ц1акъ вохарав вуго, хириял, нуж рач1иналдаса, лъик1 щварал!».
Дунни нужеда к1очон тун ватилилан вук1ана.
Ц1алдохъаби: Телищха. Нижеда мун к1очон толаро, ц1алула дур асарал.

Юбилей баркизеги бокьун буго.
*Ц1алдохъаналъ Х1амзатиде гьабураб асар рик1к1уна.(Ада Асх1абова кеч1)*
Х1амзат: Баркала, херав вохизавуна нужеца.
Слайд 53- Ц1адаса Х1амзатил интервью

*Цее яхъуна, кодоб микрофонгун, журналистка.*

Журналистка: «Х1акъикъат» газетаялъе цо дагьал суалазе жавабал кьезе разилъиларищ, х1урматияв?
Х1амзат: Гьай-гьай, разилъила.
Журналистка: Лъазе бокьилаан т1оцебесеб асаралъул х1акъалъулъ?